



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE 100,000 BIYÈ BROADWAY AK OFF-BROADWAY KI VANN NAN KAD PWOGRAM KREDI TAKS POU PWODIKSYON MIZIK & TEYAT NAN VIL NEW YORK KI BENEFISYE NOUYÒKÈ KI GEN REVNI BA AK REVNI MODERE YO**

*Pwodiksyon ki sipòte pa Kredi Taks pou Mizik & Teyat nan Vil New York ofri tikè ki pa koute chè ak gratis pou Nouyòkè ki gen revni ba ak modere yo*

*Gouvènè ate garanti gwo ekspansyon Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik & Teyat nan Vil New York nan bidjè ane fiskal 2024 la pou l enkli pwodiksyon Off Broadway yo*

*Gouvènè te fè yon investisman 450 milyon dola transfòmatif pou ramne Broadway ak revitalize aktivite touristik la, sa ki te lakoz vizit istorik ak depans touristik nan New York an 2022*

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a ke pwodiksyon Broadway ak Off-Broadway k ap patisipe nan Kredi Enpo sou Pwodiksyon Mizikal ak Teyatral (Musical and Theatrical Production Tax Credit) NYC a te mete disponib plis pase 100,000 tikè ki pa koute chè oswa ki gratis Tikè ki gen anpil rabè yo, ki kapab piti jiska 20 dola, yo te vann bay manm kominote a ki pa t ka gen opòtinite pou yo fè eksperyans yon espektak Broadway oswa Off-Broadway. Gen plis pase 90 pyès teyat ak mizikal k ap patisipe nan pwogram nan ki reprezante omwen 1.7 milya dola nan depans ak plis pase 11,000 anbochaj.

"New York ap franchi yon etap enpòtan, ak pi gwo pwodiksyon Broadway ak Off-Broadway ki fè plis pase 100,000 tikè ak rabè ki disponib pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Broadway se sant pou idantite New York kòm yon sant mondyal pou atizay ak kilti, epi Administrasyon mwen an pral kontinye sipòte endistri sa a atravè Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik & Teyat nan Vil New York la."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Atis nan Eta New York, espesyalman pwodiksyon Broadway ak Off-Broadway nou yo, se youn nan pi gwo resous nou genyen, epi yon resous ke chak Nouyòkè ta dwe kapab eksperimante. Jodi a, nou rann Broadway omaj nou, ak patenarya ki te pèmèt nou rive nan etap enpòtan sa a."

Nan kad Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik & Teyat nan Vil New York la, pwodiksyon Broadway ak Off-Broadway oblije kreye ak aplike yon plan pou asire ke pwodiksyon yo disponib epi aksesib epi yo pa koute chè swa yo gratis pou Nouyòkè ki gen revni ba yo. Pwodiksyon yo ka travay dirèkteman ak Eta a pou idantifye òganizasyon kominotè oswa enstitisyon edikatif k ap sèvi rezidan ki gen revni ba yo nan Vil New York, Long Island ak rejyon Mid-Hudson lan pou distribye tikè oswa travay avèk yon patnè twazyèm pati, tankou Fon Devlopman Teyat la, ki bay elèv, veteran, granmoun aje, moun ki andikape, ak lòt gwoup tikè ki pa koute chè oswa ki gratis.

Anplis de fè tikè yo pi aksesib, pwodiksyon k ap patisipe nan pwogram nan oblije patisipe nan yon pwogram fòmasyon pou divèsite ak travay atizay Eta New York apwouve. Pwodiksyon yo ka travay avèk pwogram bous fòmalize ki te apwouve davans nan Pwojè Lidèchip Teyat (Theatre Leadership Project, TLP) la oswa Kowalisyon Teyat Nwa (Black Theatre Coalition, BCT) oswa kreye yon pwogram bous endepandan pou moun ki soti nan divès orijin pou aprann travay nan endistri teyat la. Atravè egzijans sa a, yo te anplwaye 75 bousye ki soti nan kominote ki pa reprezante ase yo nan pwodiksyon yo

**Direktè Jeneral TDF la, Michael Naumann, te deklare,** "Se yon onè pou devlope Seri Paspò TDF atravè pwogram Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik & Teyat nan Vil New York la avèk Gouvènè Hochul ak Empire State Development lan. Se misyon TDF pou rann teyat la aksesib pou tout moun epi kreye nouvo odyans. Pwogram sa a fè egzaktemann sa – li pèmèt Nouyòkè yo, pifò ladan yo se premye fwa yo ale nan teyat ki pa t kapab gen mwayen pou yo ale nan Broadway ak Off Broadway, pou finalman jwenn chans pou yo jwi pèfòmans an dirèk."

**Prezidan Lig Broadway la, Charlotte St Martin, te deklare,** "Gouvènè Hochul se pi bon patnè Broadway nan travay pou kondwi devlopman ekonomik pandan l ap divèsifye odyans nou yo ak mendèv nou yo. Pandan n ap kontinye fè touris tounen nan Broadway, n ap mete plis manm nan kominote nou an nan odyans lan epi n ap travay an koulis. Efò Gouvènè Hochul fè, an patenarya ak Sena a ak Asanble a, te lakòz emisyon nou yo bay Nouyòkè plis pase 100,000 tikè ki pa koute chè oswa ki gratis pandan y ap kreye 75 divès kalite bous sou Broadway. Nou pa ta ka pi fyè de efò efikas ak ekilibre sa a ke Gouvènè nou an fè."

**Fondatè Pwojè Lidèchip Teyat la, Travis Ballenger, Barbara Broccoli, Patrick Daly, Alecia Parker ak Lia Vollack, te deklare.** "Pwojè Lidèchip Teyat (TTLP) rekonesan pou plizyè fason nou te kapab ajoute valè nan mendèv teyat k ap grandi a nan Vil New York pou twa dènye ane yo. Nou santi nou fyè de travay nou te reyalize an patenarya ak pwogram Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik ak Teyat nan Vil New York la epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay la pou pi devan. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul dèske ou kontinye sipò enpòtan sa a."

**Warren Adams ak T. Oliver Reid ki soti nan Kowalisyon Teyat Nwa, te deklare,** "Kowalisyon Teyat Nwa (BTC) kontan anpil pou kontinye travay nou ak ESD pou 3yèm ane a. Lè BTC te fonde, pwofesyonèl nwa yo te fè mwens pase 1% nan mendèv ki pa

gen rapò ak teyat, chante ak danse. Eksperyans veki ak karyè moun k ap fè teyat nou yo te amelyore epi, nan kèk ka, pwogram Bous BTC a ak patenarya nou ak ESD te rann li posib."

Nan kad Bidjè Eta New York pou ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon gwo ekspansyon nan pwogram Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik & Teyat nan Vil New York pou enkli pwodiksyon Off-Broadway, ki se gwo kontribitè nan ekonomi amizman New York la.

Gouvènè Hochul rete angaje l pou l sipòte sektè atistik k ap pèfòme nan New York la – yon pati enpòtan nan lavi ekonomik ak kiltirèl nan New York ak yon motè kle nan touris atravè eta a. Pandan ane ki sot pase a, Gouvènè Hochul te bay prèske 210 milyon dola nan sibvansyon pou òganizasyon kiltirèl san bi likratif yo atravè Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik (New York State Council for the Arts) gras ak finansman san parèy ki garanti nan bidjè Eta a. Depi Avril, Gouvènè Hochul te anonse yon total 132 milyon dola nan sibvansyon kapital pou òganizasyon atistik New York yo pou finanse pwojè enpòtan ki ranfòse divès sektè kreyatif Eta a, ki gen ladan plis pase 90 milyon dola pou sipòte pwojè nan gwo echèl ki priyore devlopman kominotè ak kreyasyon espas. Gouvènè Hochul te bay tou 76 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon ki pa kapital atravè Bidjè Ane Fiskal 2023 la ki te bay finansman fleksib bay prèske 3,000 òganizasyon kiltirèl ak atis endividyèl. NYSCA ap aksepte kounye a aplikasyon pou [Fon pou Pwojè Kapital](#) li a, epi li pral anonse prèske 120 milyon dola nan sibvansyon pou Ane Fiskal 2024 la pandan ane k ap vini an.

Gouvènè Hochul kenbe tou yon angajman solid pou konstwi endistri touristik k ap pwospere nan New York la apre anons li ke eta a akeyi yon 291.5 milyon vizitè istorik ki te jenere plis pase 78.6 milya dola nan depans dirèk an 2022. Gouvènè a te anonse yon Pake Rekiperasyon "Retounen ak Touris, Retounen ak Travay yo" ((Bring Back Tourism, Bring Back Jobs) ki koute 450 milyon dola pou sipòte endistri ki pi frape pa pandemi COVID-19 la tankou atizay espektak ak revitalize aktivite touristik nan tout eta a. Pake a enkli: 200 milyon dola pou yon Sibvansyon Finansman Demaraj; 100 milyon dola pou yon Fon Rekiperasyon pou Travayè Touristik; 100 milyon dola pou yon Pwogram Sibvansyon Touristik pou Retounen Travay; 25 milyon dola pou yon sibvansyon Meet in New York; ak 25 milyon dola pou Kanpay Maketin Global I LOVE NY la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418